

Amelyore Sekirite Modpas ou – AJI DEPI KOUNYEA PA RET TANN

Nan papye sa nou esplike kouman pou pwoteje modpas BCPS ou. Swiv etap sa yo **SÈLMAN NAN KA elèv la kontinye itilize menm modpas ki te la deja sou fòm PMM/DD/YYYY**. Premye modpas sa enkli dat nesans elèv-la, epi si ou poko chanje modpas la, chanje modpas la san **pèdi tan**. Swiv etap pwosesis annapre pou ou chanje modpas la.


Tanpri note enstriksyon sa-yo aplikap *nenpòt lè* ou vle chanje modpas BCPS ou anliy. Si ou kwè yon bagay rive modpas ou, chonje modpas ou gen yon enfòmasyon ki disponib pou piblik la (tankou nimewo lokasyon lekòl ou), oubyen si ou te pataje modpas ou ak yon lòt moun ki pa yon paran oswa gadyen, nou ankouraje ou chanje modpas ou koulyea menm, itilize enstriksyon sa yo pou chanje li.

ENSTRIKSYON

Etap 1: Louvri nenpòt konpitè oswa telefòn (li pa blije yon konpitè Distri a), konekte sou sit <https://sso.browardschools.com>

Etap 2: Gade kapti ekran ki anba a. Se paj “Clever SSO”. Gade anwo adwat (sou kote flèch koulè vèt nan imaj la) cache non ou epi klike sou non ou sa va Mennen ou sou meni dewoulan **Change AD Password**. Klike sou meni dewoulan, epi chwazi yon nouvo modpas konplèks (minimòm 8 lèt alfabèt, chif, oswa senbòl, swa majiskil swa miniskil). *Gade kapti ekran 2 (Screenshot 2) anba a pou plis enfòmasyon sou jan pou kreye yon modpas (password).*

Screenshot 1 – Clever SSO Page – Kapti ekran – Paj Clever SSO



Etap 3: Modpas BCPS ou anliy chanje koulyea! Chak fwa ou bezwen gen aksè a Clever SSO, oswa lòt aplikasyon BCPS, itilize nouvo modpas sa. Si ou gen yon nouvo laptop konpitè (youn ak koneksyon Windows login ki kòmanse avèk “06XXXXXXX@my.Broward schools.com”), itilize **menm modpas la pou toulede Windows login AK aplikasyon SSO anliy**. Sepandan, si ou gen yon ansyen laptop konpitè, itilize modpas ou te gen anvan (**old password**) pou konekte sou Windows (pou antre nan konpitè ou) epi itilize nouvo modpas (**new password**) pou konekte sou aplikasyon SSO anliy jiskaske ou retoune lekòl an-pèsonn.

Chonje, kòm prekosyon, chanje modpas ou tanzantan (egzanp, apeprè chak ane).

Amelyore Sekirite Modpas ou – AJI DEPI KOUNYEA PA RET TANN

Screenshot 2 — Password Requirements

Set AD Password ✕

The password will need to meet your requirements. [See requirements.](#)

Click here to see password requirements

Ada Lovelace

NEW PASSWORD REQUIRED [Show](#)

CONFIRM NEW PASSWORD REQUIRED [Show](#)

[Cancel](#) [Set new password](#)

NOTE

Si ou itilize aparèy pa-ou, alekilè itilize nouvo modpas la lè ou vle gen aksè a SSO ou epi ak lòt resous anliy. Si ou sovgade modpas ou nan navigatè ou (browser), ou dwe mete ajou modpas ou te sovgade. Gade paj 3 pou divès mesaj ki ka parèt sou ekran an konsènan mizajou modpas epi ki sa ou dwe fè.

Si ou itilize yon nouvo aparèy ke lekòl la ba-ou; ap gen you nouvo login window — yon fennèt va parèt ak yon non itilizatè (username) ki sanble tankou yon adrès imel 06XXXXXXX@my.browardschools.com lè ou demare konpitè a — itilize nouvo modpas ou. Chonje modpas ou te chwazi nan SSO, itilize modpas la nan premye Windows login ak nan SSO ou ak lòt resous anliy. Si ou sovgade modpas ou nan navigatè a, fè mizajou modpas ou te sovgade. Gade nan paj 3 pou divès mesaj ki ka parèt sou ekran an konsènan mizajou modpas epi ki sa ou dwe fè.


NÒT ESPESYAL – Kèk laptop konpitè ekzije 2 modpas

Si ou itilize yon laptop ki gen ansyen login window — konpitè ki mande ou antre chif 06 ou nan espas pou username lè w ap demare konpitè a — fè yon etap anplis. Premye modpas ou ap rete nan sistèm lokal ou epi ou va itilize li nan **Windows login** jiskaske ou retoune lekòl. Premye jou ou retoune lekòl, tanpri redemare laptop konpitè a. Yon fwa ou jwenn koneksyon ak BCPS WiFi avèk modpas tounèf ou te chwazi a, mizajou modpas ki te sovgade va fèt epi nouvo modpas ou te gen nan SSO va aktive. Poulemoman, ou dwe chonje DE (2) modpas. Ou va itilize ansyen modpas ou pou demare konpitè a epi lè ou konekte nan SSO, ou va itilize modpas ou te chwazi toudènyèman e ki ajou. Si ou sovgade modpas ou nan navigatè a, ou va bezwen mete ajou modpas ki te sovgade. Gade paj twa pou divès mesaj ki ka parèt sou ekran an konsènan mizajou modpas la epi ki sa ou dwe fè.


Amelyore Sekirite Modpas ou – AJI DEPI KOUNYEA PA RET TANN

Ou va wè divès mesaj konsènan mizajou modpas ou, mesaj yo sou lis anba a ansanm ak sa ou dwe fè nan chak etap:

Ou ka iyore de premye mesaj sa-yo; n’ap regle pwoblèm teknik nan pwochen etap-yo:



Antre (tape) nouvo modpas ou chwazi swa nan youn fenèt ki parèt yo (pops up):



Si ou sovgade (save) yon modpas, ou ka wè yon erè, yon fraz koulè oranj ki parèt, **“Incorrect user ID or password...”**, se nòmal, antre (tape) nouvo modpas ou epi klike sign in

Nan navigatè a, lè ou klike sou espas nan paj SSO ou, sèlman pou premye fwa, ou ka wè ansyen modpas ou epi sistèm la va mande ou antre nouvo modpas ou fèk kreye. Si ou sovgade modpas la nan navigatè, yon mesaj va parèt fè mizajou modpas ki te sovgade, epi klike sou Update.

